

DÈBUTAN



[ELÈV]

ane

3



*Yon piblikasyon pou timoun primè
(6-8 lane).*

Liv edikasyon kretyen pou timoun primè (de 6 a 8 lane) ---

1, 2 ak 3 grad edikasyon primè oubyen elemantè.

Koresponn ak ane 3 nan sik ane debitan yo.

**ELEV
Ane 3**

Leson sa yo te tradwi epi adapte pa materyèl orijinal li an anglè pa mwayen WordAction Publications.

Cette edition est publiée par L'ÉCOLE DU DIMANCHE ET DE LA FORMATION DES DISCIPLES INTERNATIONAL (MEDFDI), Région de Mésoamérique, Église du Nazaréen

www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

discipleship@mesoamericaregion.org

© 2018 dwa rezeve

ISBN: 978-1-63580-108-8

Kategori: Edikasyon kretyen

Tout sitasyon sa a yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalém.

Dezama Jeudi

Tradiksyon ak adaptasyon

Enprime nan Etazini yo



TAB MATYÈ

Inite I: JEZI KÒMANSE MINISTÈ LI

Leson 1:	Jezi aprann obeyi	5
Leson 2:	Jezi batize	7
Leson 3:	Jezi sibi tantasyon	9
Leson 4:	Jezi chwazi disip li yo	11

Inite II: JEZI FÈ LADIFERANS

Leson 5:	Jezi geri yon non ki gen lèp	13
Leson 6:	Jezi transfòme Matye	15
Leson 7:	Jezi renmen timoun yo	17
Leson 8:	Jezi padone Pyè	19

INITE III: MIRAK YO AVÈK MINISTÈ JEZI A

Leson 9:	Jezi, pi bon antrenè a	21
Leson 10:	Jezi, pi bon doktè a	23
Leson 11:	Jezi, sa ki gen plis pouvwa a	25
Leson 12:	Jezi, pi bon lidè a	27

INITE IV: PLAN SALI A

Leson 13:	Jezi te mouri pou nou	29
Leson 14:	Jezi te resisite	31
Leson 15:	Jezi se Sovè nou	33

INITE V: 10 RÈG KI PLIS ENPÒTAN YO

Leson 16:	Règ pou viv avèk sajès	35
Leson 17:	Bondye dwe nan premye plas la	37
Leson 18:	Ann respekte paran nou yo	39
Leson 19:	Fè atansyon ak panse w' yo	41
Leson 20:	Vòlò ak bay manti gen konsekans	45
Leson 21:	Lanbisyon an danjere	47

INITE VI: BONDYE SAN PARÈY EPI GEN POUVWA

Leson 22:	Kontinye pou pi devan san krent	49
Leson 23:	Kontinye pou pi devan avèk kouraj	51
Leson 24:	Kontinye pou pi devan nan obeyisans	53
Leson 25:	Kontinye pou pi devan avèk pouvwa li	55
Leson 26:	Kontinye pou pi devan avèk pwomès li yo	57

INITE VII: ANN IMITE JEZI

Leson 27:	Chèche kè poze	59
Leson 28:	Chèche lanmou	61
Leson 29:	Chèche Bondye	63
Leson 30:	Chèche lavi	65

INITE VIII: LEGLIZ LA NAN TOUT MOND LAN

Leson 31:	Bon nouvèl pou yon etyopyen	67
Leson 32:	Bon nouvèl pou yon women	69
Leson 33:	Bon nouvèl pou moun Antyòch yo	71
Leson 34:	Bon nouvèl pou tout moun	73

INITE IX: MIZÈRIKÒD BONDYE A

Leson 35:	Istwa tris Kayen avèk Abèl la	75
Leson 36:	Yon nonm ki bon nan yon mond ki pa bon	77
Leson 37:	Bondye sove Noye	79
Leson 38:	Bondye fè yon pwomès	81

INITE X: SÈVITÈ FIDÈL BONDYE YO

Leson 39:	Rit, yon sèvant ki fidèl	83
Leson 40:	Bòz, yon sèvitè ki fidèl	85
Leson 41:	Àn, yon sèvant ki fidèl	87
Leson 42:	Samyèl, yon sèvitè ki fidèl	89

INITE XI: GWO POUVWA BONDYE A

Leson 43:	Bondye bay Moyiz yon misyon espesyal	91
Leson 44:	Bondye sove pèp li a	93
Leson 45:	Bondye fè pwovizyon pou pèp li a	95
Leson 46:	Bondye pwoteje pèp li a	97
Leson 47:	Bondye montre pouvwa li	99

INITE XII: ISTWA NOWÈL LA

Leson 48:	Kado obeyisans lan	101
Leson 49:	Kado yon Sovè	103
Leson 50:	Kado louwanj lan	105
Leson 51:	Kado adorasyon an	107

SEKSYON KI POU KOUPE YO


Seksyon ki pou koupe #1	109
Seksyon ki pou koupe #2	111
Seksyon ki pou koupe #3	113
Seksyon ki pou koupe #4	115
Seksyon ki pou koupe #5	117
Seksyon ki pou koupe #6	119

Sa ki plis enpòtan pou Jezi a



Antrene: w'ap bezwen
yon bwat mouchwa
pou chak timoun.

Antrene: W'ap bezwen
4 pla ki mezire 15 cm.
dyamèt.



Desine oubyen ekri yon bagay ke w'
kapab fè pou w' ka genyen yon pi
bon relasyon ak Bondye.




ENSTRIKSYON YO:

- 1. Itilize bwat mouchwa ke antrenè a pral ba ou a.**
- 2. Koupe kat sèk yo.**
- 3. Desine oubyen ekri yon bagay ke w' kapab fè pou w' ka genyen yon pi bon relasyon ak Bondye.**
- 4. Pran kat plat an papye. Koupe yon pati anba chak plat, yon fason pou w' kapab apiye yo. Gade desen an kòm modèl.**
- 5. Kole 4 sèk yo nan lòd nan plat yo.**
- 6. Mete plat yo nan bwat papye yo pou w' kapab wè yo.**
- 7. Chanje imaj yo pou w' kapab wè yo.**

“Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m’ kontan anpil.” (Matye 3:17)

“Jezi t’ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t’ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi.” (Lik 2:52)



ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe dlo a, Jezi, ak pijon an.
2. Double epi kole Jezi debou.
3. Double dlo a nan mwatye.
4. Koupe sou 7 liy dlo ki pwenye yo.
5. Dedouble dlo a. Kole rebò yo avèk tep adezif.



6. Plase Jezi nan mitan dlo a. Soutni pijon an avèk yon men. Itilize dlo a, Jezi ak pijon an pou w' rakonte istwa a. Antrenè w' la va ede ou.



Mòn obeyisans lan

Koupe 

B

A



Desine oubyen ekri yon fòm ke w' kapab obeyi Bondye.




ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe mòn nan. Koupe pwen B a.
2. Foure frany A nan tras B a.
3. Itilize mòn nan pou w' rakonte lòt yo kòman Jezi te venk tantasyon an.

Konplete mo ki kwaze yo.
Aprè sa, ekri mo yo nan fraz ki
pa konplèt yo.


Mo Kwaze Yo



1. _____ an se nenpòt bagay ki pouse nou gen anvi pou dezobeyi Bondye. L fè nou panse ke dezobeyi Bondye bon epi kòrèk.
2. _____ se yon non ki espesyal pou Jezi. Lè nou aksepte Jezi, nou konnen kilès moun Bondye ye ak fason li ye.
3. _____ se lajwa nou genyen lè Bondye padone peche nou yo epi rekonsilye nou avèk li. Nou kapab genyen kè poze menm lè gen bagay mal ki rive nou.
4. _____ se yon non ki espesyal pou Jezi. Non sa vle di "moun ke Bondye chwazi a". Bondye te chwazi Jezi pou l' vin Sovè nou.

**Pwomès pou akonpli
epi fè travay
Bondye a.**

**Matye
4:19**



Non

Matye 4 :19

Rechèch



1. Gade mo ki nan kazyè Mo yo.
2. Jwenn mo yo nan soup lèt yo. Yo kapab nan sans orizontal oubyen vètikal.
3. Konplete espas vèsè bibliik yo. Apre sa, aprann Matye 4:19 la avèk yon zanmi.

**Kazyè
Mo Yo**

pito
jwenn
Vin
pechè
fè
m'a

F	M	È	R	T	Y	U	P	I	T	O	G	F
R	I	D	Q	W	E	R	V	I	N	O	M	N
W	J	H	C	M'	B	R	E	S	Y	S	X	Z
È	K	J	W	E	N	N	R	Y	P	R	R	W
A	M'	A	Q	A	S	D	I	F	È	E	J	I
Z	N	P	E	C	H	È	D	O	R	E	S	P
X	B	R	Y	U	I	O	P	H	H	M'	R	E

“Jezi di yo konsa: ‘V __ j ____
mwèn, m’_ f _ nou tounen
p ____ moun p ____.’”

Matye 4:19



Fè Ladiferans

1. Gade tou de desen yo

2. Nan kisa yo diferan?



3. Pentire desen non ki an sante a.


4. Fè yon kwa sou desen nonm nan anvan ke li te geri a.



Kisa nonm nan te fè aprè Jezi te fin geri li ?




Vèsè Kache

Jwenn epi antoure mo vèsè nan klas Lekòl Dominikal ki kache yo.
Konplete espas vid yo ki nan vèsè biblik la.




"Si _____ ap viv nan _____ la, li
vin yon _____. Bagay _____ yo
_____, se _____ ki
pran plas yo koulè a."

“Vini. Swiv Mwen!”



ENSTRIKSYON YO:

1. Relye 3 fil fè ansanm nan mitan an (jan li ye nan ilustrasyon an).
2. Koupe 12 wonn ki nan paj anlè a.
3. Kole fraz nimewo 1 an dèyè fraz 1 an, epi relye yo nan youn nan pwent fil la.
4. Kole lòt sèk yo nan fil yo, nan menm fason an epi nan lòd.
5. Rakonte istwa bibliik la pandan w'ap sèvi avèk wonn ke w' te fòme a.
6. Matye te deside swiv Jezi. Ou menm tou ou kapab deside swiv Jezi!





Jezi renmen mwenn



Jezi renmen tout timoun yo.

ENSTRIKSYON YO:

Pentire sèn nan avèk plizyè koulè diferan. Antrenè w' la ap ba ou de ankadreman katon ki pi gwo pase sèn ki genyen Jezi avèk timoun yo. Kole sèn yo nan ankadreman katon an. Ou kapab mete ti klere nan rebò yo oubyen pentire avèk penti ki fè w' plezi. Kite yo byen seche. Fè de twou nan tèt ankadreman katon yo. Pase fil yo nan twou ankadreman yo epi mare yo. W'ap déjà genyen de ankadreman ki genyen Jezi ki anbrase ak timoun yo. Jezi renmen w' epi li renmen tout timoun ki nan mond lan. Fè pi bon zanmi w' ki pa konnen Jezi a kado yon sèn.

Soti nan peche pou rive nan padon

Koupe imaj ki nan seksyon ki pou koupe yo, # 1 (SR A). Ajoute imaj yo nan chemen an. Kole yo nan plas yo. Ki peche Pyè te fè ? Kisa Jezi te fè ? Kontinye swiv chemen an pou w' chèche konnen li.

W'ap swiv Jezi!

Ou dwe yon disip Jezi paske w' se moun Galile.

Sa se yon disip Jezi wi!

Ou renmen mwen?
Ou renmen mwen?
Ou renmen mwen?

Wi ! Wi ! Wi !

Trè byen!
Pran swen pèp mwen an.
Vini epi swiv mwen.

PADONE

yon kado Bondye

Itilize kòd
la pou w'
dekouvri kado
Bondye a.



an se yon kado Bondye.



Bondye a fè nou san tach devan li
ankò.

*Chè Bondye,
Mèsi dèske ou renmen mwen.
Mèsi pou padon an ki se yon kado.
Avèk anpil lanmou.*

Li epi
siyen lèt
remèsiman
sa pou
Bondye.

WOULE "KIMOUN KI TE DI LI?"

W'ap bezwen yon pens pou papye ak yon kwòkpapye ki gen de pat, pou w' monte sèk laa.

"Pe la epi soti kite li!"
(Mak 1:25)

Kisa Kilès moun ki te di li?
W' di ou menm?

"Mwen konnen ke ou se: moun sa peche ki soti nan Bondye a"
(Mak 1:24)

"Sa sa ye la a menm? Sa se yon lòt bagay l'ap moutre nou la a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite...?" (Mak 1:27)

Kouple twa plas yo pou w' ajoute nan sèk la.



Jezi!


Antrenè enpresyonan

“Sa sa ye la a menm? Sa se yon lòt bagay l’ap moutre nou la a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite...?”


(Mak 1:27)

ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe sèk ki nan paj anlè a.
2. Itilize yon pens pou papye, soutni ak yon kwòk papye ki gen de pat pou li kapab vire.
3. Koupe twa desen yo.
4. Fè sèk la vire.
5. Li sa sèk la di a. Chwazi moun ki di pawòl sa yo. Kole desen sa nan sèk la.
6. Reyalize etap 4 ak 5 pou chak espas ki nan sèk yo.
7. Poze tèt ou kesyon: Kimoun mwen di Jezi ye ? Rakonte zanmi w’ yo kimoun Jezi ye pou ou.



Doktè a itilize...




- Doktè Enpresyonan !

Sa yo se bagay ke yon doktè kapab itilize pou l' ede w' jwenn gerizon.

- **Koupe chak imaj epi esplike sa chak enstriman itil.**
- **Kole chak desen nan yon fèy an koulè.**
- **Kole rapèl sa a nan fèy la tou.**

Bondye se sèl moun ki geri nou. Jezi, Pitit Bondye a pat bezwen zouti. Li te kapab geri san medikaman paske li se Pitit Bondye a.


"Ki moun li ye menm, pou jouk van ak dlo lanmè a obeyi li? (Mak 4:41)



Kisa ki fè disip yo te pè? Kisa yo te fè? Kisa Jezi te fè?

ENSTRIKSYON YO:

Koupe sou liy pwentiye a. Li twa kesyon yo. Reponn yo. Pentire desen an pandan w'ap rakonte istwa ke w' te aprann nan. Apre sa, fè aktivite ki deyè a. Fè twou nan de pwen ki an blan yo. Mete yon yo kreyon andedan de pwen blan yo. Ranje fèy la pou li kapab rete debou.



**Li te
chwazi
fè travay
li a.**



Disip Jezi yo te geri malad yo.

**“Antan Pyè t’ap pale toujou, yon nwaj byen klere vin kouvri yo. Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m’ kontan anpil. Koute li.”
(Matye 17:5)**

Disip Jezi yo te rakonte bon nouvèl la sou Jezi. Kole seksyon ki pou koupe a 5 (Skpk 5A).

Nou menm nou kapab pale avèk lòt moun osijè de Jezi. Kole seksyon ki pou koupe a 5 (Skpk 5B).

Nou menm nou kapab priye pou moun ki malad yo.

Desine oubyen ekri sa Jezi mande pou w’ fè. Ou kapab kole imaj Jezi a ki nan seksyon ki pou koupe a 5 (Skpk 5C).



*Chè Seyè,
tanpri geri
gran papa m'.*

Jezi Te Mouri Pou Mwen

Kòman nou kapab fè yon kolye lakwa.


W'ap bezwen:

- Kwa sa a
- Sizo yo
- Papye koulè mawon (kafe)
- Lakòl adezif
- Yon kòd an plastik
- Plizyè ti boul an koulè

Kòman nou ka fè li:

1. Koupe ti lèz sa sou liy pwenkiye yo.
2. Koupe rektang ke kwa genyen an.


ENSTRIKSYON yo kontinye dèyè a.



Kole imaj fanm k'ap kriye yo ki nan seksyon ki pou koupe a 2 (SKPK 2A).

Kole imaj moun ki fache yo nan Seksyon ki pou koupe a 2 (SKPK 2B).

“Jezi te di, ‘Papa padone yo paske yo pa konnen sa y’ap fè a’” (Lik 23:34)



3. Kole rektang lan sou papye mawon an (kafe).
4. Koupe kwa a. Fè yon twou nan pati anlè a.
5. Pase fil la atravè twou a.
6. Koke plizyè ti boul ki gen plizyè koulè nan fil la.
7. Mare li avèk yon ne.
8. Itilize kolye w' la. Panse avèk lanmou Jezi genyen pou ou a. Li te mouri pou ou.



Jezi kapab vin Sovè ou



Jezi te mouri sou kwa pou tout moun. Li te mouri pou ou. Eske w' te mande Jezi pou l' padone peche w' yo epi pou l' te vin Sovè ou? Se sa ke w' dwe fè:


ke w' se pechè. Ou te dezobeyi Bondye epi fè bagay ki mal. Di Bondye sa w' te fè a. Mande l' padon pou sa epi deside chanje.
(Women 3:23; 1 Jan 1:9)

ke Bondye renmen w'. Li te voye Pitàt li, Jezi, pou sove w' anba peche w' yo. Mande Bondye pou l' padone w'. Resewa padon li
(Jan 3:16; Travay 16:31)

Jezi kòm Sovè w'. Rakonte sa Bondye te fè pou ou. Renmen Bondye epi swiv Jezi.
(Jan 1:12; Women 10:13)

Admèt - Kwè - Konfese

Jezi te resisite Bèl Pitit Bondye a




“Yo tande yon wwa soti nan nwaj la,

li di: ‘Sa se pitit mwen renmen anpil

la. Li fè kè m’ kontan anpil. Koute li.’”

(Matye 17:5)



Relye pwen yo pou w' jwenn yon mesaj enpòtan osijè de Jezi.

Kache Mesaj

1 3
2 4 7 9
T O U I A A A
12 11 15 17 19
S - E T
13 14 16 18
20 21
I E J - I
22 24 23 27
25 26 28
30 29
32 31
H E I T I
33 35
34 36
37 38



39 41 43 44 46 48
40 30 I J I E A
42 45 47



“Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a.”


(Travay 2:32)

ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe filang sa epi kache li paske li genyen yon kòd dèyè li.
2. Koupe filang A, double li sou liy pwenkiye nan mwatye a epi kole andedan rektang lan.
3. Apiye rebò dwat rektang A sou liy pwenkiye desen an. Kole li avèk adezif (sèman liy A).
4. Vire rektang lan pou w' montre Jezi k'ap pale ak zanmi l' yo.
5. Itilize desen sa pou w' rakonte yon zanmi istwa bibliik la.




A



Kole rebò B rektang nan la . . .

Li vivan epi li toujou ap travay nan lavi nou.


Jezi se Sove nou



B

ENSTRIKSYON YO:

1. Double bann B a sou liy pwentiye a epi kole andedan an.
2. Apiye rebò anlè rektang B a sou liy pwentiye desen an.
3. Vire rektang lan pou w' montre Jezi k'ap monte nan syèl.
4. Itilize desen sa a pou w' rakonte yon zanmi istwa biblik la. Rakonte li ke Jezi vivan Jodi a. Li toujou ap travay nan lavi nou.
5. Itilize desen sa a pou w' rakonte yon zanmi istwa biblik la.



A *"Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout ladan ak tout regleman mwen lan nou jodi a"* **B**

(Detewonòm 27:10).

Mete Bondye nan premye plas. 1	Mete Bondye nan premye plas. 1	Adore Bondye sèlman. 2	Adore Bondye sèlman. 2
Respekte non Bondye. 3	Respekte non Bondye. 3	Obsève jou dimanch lan. 4	Obsève jou dimanch lan. 4
Respekte Paran w' yo. 5	Respekte Paran w' yo. 5	Pa touye moun. 6	Pa touye moun. 6
Ou pa dwe pa fidèl. 7	Ou pa dwe pa fidèl. 7	Pa vòlò. 8	Pa vòlò. 8

ENSTRIKSYON pou fè yon mobil avèk dis kòmandman

W'ap bezwen:

- Kazye 9 ak 10 nan dis kòmandman yo ki nan seksyon ki pou koupe a 2 (Skpk D ak E)
- Sizo
- Katon
- Pens
- Lakòl oubyen bann adezif
- 10 moso fil ki mezire 30 cm de chak.
- 2 moso fil ki mezire 84 cm de chak
- Bann adezif ki gen doub fas oubyen riban


Kòman nou ka fè li :

1. Koupe de filang vèsè biblik yo ak tout kazye dis kòmandman yo sou liy pwenyete yo.
2. Kole ti bann yo nan yon moso katon epi kite yo seche.
3. Double kazye yo sou liy pwenyete gri vètikal yo.

Kontinye dèyè a

4. Kole avèk adezif oubyen adezif rebò A nan premye ti bann vèsè a avèk rebò B dezyèm nan, epi fè menm bagay la avèk rebò B a.
5. Fouye twou nan tout sèk blan ti bann yo. Foure yon ti fil byen kout nan chak twou yo.
6. Itilize adezif ki gen de fas, lakòl oubyen bann adezif pou w' kole kazye yo nan pwent fil la. Asire w' ke kazye yo plase nan lòt tout mobil la.
7. Genyen 4 twou nan pati anlè a. Foure yon fil byen long pase nan de twou ki an fas yo epi mare yo. Fè menm bagay la nan lòt de twou yo avèk moso fil la.
8. Fè yon ne anlè a pou w' kapab koke mobil la.
9. Itilize mobil sa pou w' sonje règ Bondye yo pou lavi nou.






Mete Bondye Nan Premye Plas La!

10 fòm pou mete Bondye nan premye plas la:


1. Pale avèk Bondye chak jou.
2. Mande Jezi pou l' vin Sovè w'.
3. Di Bondye ke w' renmen li.
4. Obeyi dis kòmandman yo ak lòt bagay yo ke w' konnen ke Bondye vle w' fè.
5. Louwe Bondye nan legliz la.
6. Bay ofrann pou Bondye.
7. Demontre moun yo lanmou.
8. Aprann nan Bib la.
9. Dispoze w' pou w' fè sa ke Bondye mande w', men si yo se bagay ki difisil.
10. Pale ak zanmi w' yo de Bondye ak legliz la.

ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe kòchèt pou pòt la avèk anpil atansyon, makè pou liv yo, ti postè ak enstriksyon sa yo.
2. Pentire epi dekore kòchèt ki pou pòt la. Lè w' fini, kouvri li avèk papyè (plastik) transparan.
3. Kouvri makè liv yo avèk papyè transparan oubyen bann adezif ki fèt tou transparan epi fè sèk la anlè a. Pase yon bann oubyen yon fil ladan li. Antrenè w' la ap montre jan w' dwe fè li.
4. Kouvri ti postè a avèk papyè transparan. Kole li nan yon moso katon an koulè oubyen fè yon mak ladan li (de 10 x 15 cm.)
5. Lè w' fin tout, kole yon leman sou tout enstriksyon sa yo. Vire li epi w'ap wè sa dis kòmandman yo siyifi. Kole li nan bwat krèm glase a pou w' ka toujou sonje li.



Metè Bondye Nan Premye Plas La!



10 fòm pou metè Bondye nan premye plas la:

- 1 Pate avèk Bondye chak jou.
- 2 Mande Jezi pou li vin Sovè w'.
- 3
- 4 Di Bondye ke w' remmen li.
- 5 Obeyi dis kòmandman yo ak lòt bagay yo ke w' konnen ke Bondye vle w' fè.
- 6 Louwe Bondye nan legliz la.
- 7 Bay ofrann pou Bondye.
- 8 Demontre nou yo lanmou.
- 9 Aprann nan Biò la.
- 10 Dispoze w' pou w' fè sa ke Bondye mande w', men si yo se bagay ki difisil.
- 11 Pate ak zanmi w' yo de Bondye ak legliz la.

Dis Kòmandman Yo

Dis kòmandman yo se dis règ espesyal ke Bondye bannou pou montre nou kòman pèp li a dwe

viv

Kòman	Sizàn David	te respekte	manman papa	? Ekri repons ou a.
Sizàn David	Sizàn David	Il te sispann	gade televizyon Il jwe epi li te ale	lave vesò a kouche fè devwa a
Sizàn David	Sizàn David	Pat vle lave vesò al kouche fè devwa	. Men	Il renmen Bondye.
Sizàn David	Sizàn David	tap gade televizyon Il jwe yon jwèt de	. Pita li resewa manman papa	: "Se lò pou lave vesò al kouche fè devwa"



Ekri istwa sa a nenpòt jan ou vle. Nan **chak kare** mo a oswa gwoup mo ke ou renmen pi plis yo. Aprè sa a, li istwa w la.



Ekri istwa a


Mwen renmen fanmi mwen

Koupe

"Respekte manman w' ak papa w'."
(Egzòd 20:12)

ENSTRIKSYON YO:

1. Apre w' fin konplete istwa Sizán ak David la epi reponn kesyon an, koupe ti bann blanch ki sou bò dwat paj la.
2. Koupe pati ki andedan an pou foto a.
3. Double paj la sou liy ki pwentiyè a nan mitan. Istwa a dwe rete yon bò epi mak la nan yon lòt bò.
4. Desine fanmi w' pou kapab mete li nan mak la oubyen mete yon foto fanmi w'. Kole li pou li ka parèt andedan mak la.
5. Kole rebò mak yo avèk bann adezif.
6. Itilize foto w' oubyen desen pou w' sonje ke w' dwe respekte ak obeyi paran w' yo.



Woule pou w' panse ak aji

ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe de sèk yo.
2. Plase sèk anlà a sou sa ki anba a. Relye yo avèk yon



Istwa



kwòp papye ki gen de ti pat.



3. Vire sèk la pou w' kapab wè jan panse Sayil yo te pouse l' komèt anpil move zak.

4. Separe sèk yo, vire yo epi rekole yo ankò avèk ti kwòk

Woule pou w' panse ak aji

5. Gade jan w' kapab panse epi fè sa ki kòrèk.

Fas sèk la




Kisa Geyazi te fè ki mal?

Inite V: 10 règ ki plis enpòtan yo


Leson 20: Vòlò ak bay manti gen konsekans

Pentire sèk ki devan fraz ki kòrèk la. Apre sa, pentire desen yo.

1



- Li te di Naaman pou l' adore zidòl yo.
- Li te bay Naaman manti.
- Li te di Naaman ke Elize.



- Li te achte rad nèf.
- Li te achte yon kado pou Elize.
- Li te pran lajan ak rad ki pat pou li.

3



- Li te bay Elize manti.
- Li te mande Elize lajan.
- Li te di ke li malad.

“Piga nou pran sa ki pa pou nou. Piga nou bay manti sou frè parèy nou.” (Egzòd 20:15-16)

CHEMEN DIS

KÒMANDMAN YOS

JAN NOU KAPAB JWÈ: Bati wou la pandan w'ap kole li nan yon sèk ki fèt an katon ki gen menm wotè. Apre sa plase yon kwòp ki pou papye nan mitan, akwoche ak yon kwòk papye ki genyen de ti pat. Konpa a ap sèvi pou vire. Apre sa, koupe nimewo 1 a 4 epi kole yo an fas kote yo chak ap gen menm nimewo a. N'ap kapab fòme ekip ki gen 4 timoun. Chak ekip ap genyen yon nimewo, epi l'ap itilize l' kòm fich pou li avanse nan chemen an.


1. Vire konpa a. Fè sa ke wou la endike w' la.
2. Si w' tonbe nan yon kazye ki gen nimewo, di kòmandman sa, (pa egzanzp: si w' tonbe nan nimewo 1, repete premye kòmandman an, epi konsa se youn apre lòt). Avanse vè 3 espas
3. Si w' tonbe nan yon kazye ki pale de bon aksyon, avanse vè 2 espas.
4. Si w' tonbe nan yon kazye ki pale sou move aksyon, ou dwe fè bak vè 2 espas.
5. Moun ki rive nan chemen an avan se li menm k'ap genyen.



Sòti

Ganyan

10



Carla te retire lajan nan bous papa l' la.

Lora te priye pou Mari malgre li te frape li.

Matyas di rayi w'.

Terèz t'al nan lekòl dominikal la.

Toma pote ale s'ètè biznis la san peye.

Detewonòm 27:10

"Se pou nou obeyi l', se pou nou swiv tout lòd ak tout regleman mwen ban nou jòdi a."

6 no 8

Tiimote bay ofrann nan lajaj lan.

6 ou 7

Alex te di laverite lè li manman l' lan.

5

3 ou 4

Jan te priye jodi a.

An te bay manman l' manti.

1

Jozèf te itilize non Bondye an ven.

1

1

2

2




3

3




4

4

Bouke flè kontantman



ENSTRIKSYON pou fè yon bouke flè kontantman





W'AP BEZWEN:

- Sizo
- Bann adezif
- Lakòl
- Fil fè oubyen ti bwa fen vlope an koulè vèt
- Yon gwo vè desetchab. Ou kapab mete sab ladan li oubyen wòch pou li kapab rete byen lou epi pou flè yo pa tonbe.

KÒMAN NOU KA FÈ LI:

1. Koupe flè yo, blad ak powèm nan.
2. Kole dèyè chak flè ak blad yon fil fè avèk bann adezif.
3. Si w' vle, ou kapab kole fèy papye bristòl vèt nan tay flè yo.
4. Kole powèm nan nan vè a.
5. Plase flè yo avèk blad la andedan vè a.
6. Double pwent tay yo pou ke kèk flè rete pi wo pase lòt yo. Plase bouke flè kontantman w' lan nan yon tab oubyen nan yon plas kote pou w' toujou wè li.



Yon konfizyon pye

Swiv pa yo pou w' mennen izrayelit yo retounen nan kan an.

Antoure avèk yon sèk bagay ke espyon yo te wè nan Kanaran.

Kòmansmanò



* Antoure ak yon sèk tout espyon ki te kwe nan pouvwa Bondye pou venk kananeyen yo. Kilès mesye sa yo te ye?




Konfye nan Bondye

Jwenn mo sa yo nan soup lèt yo epi antoure yo avèk yon sèk. Yo kapab ► ak ▼.

X	J	K	L	U	D	F	G	W	B
L	J	O	B	E	Y	I	C	E	O
L	M	N	C	N	B	Q	T	H	N
Z	G	F	J	L	D	I	O	S	D
Y	Q	Y	W	E	R	Y	U	I	Y
M	W	E	N	N	B	V	Y	X	E
V	A	R	O	K	O	U	R	A	J

**KONFYE
OBEYI
BONDYE
MWEN
KOURAJ**



Konplete espas vid yo:

Nan kimoun ou kapab konfye? Nan _____

Kimoun ki dwe obeyi Bondye? _____

Kimoun ki ede nou lè nou bezwen kouraj? _____

Kilès li ye ?

Itilize lèt nan rektang yo pou w' konplete chak mo. Itilize chak lèt yon sèl fwa.

J Y E O Z



 E



 U L P



 E



 E T W A L



 L F A N


Kilès moun ki lidè pèp Bondye a nan istwa sa ?
Kopye lèt ki nan sèk yo nan espas yo.
Li non ke li fòme a.

Pentire Jozye. Jozye te mete konfyans li nan Bondye.
Bondye te ba li kouraj pou li fè sa ke li te mande l' la.




Lè w' bezwen kouraj

Pentire espas ki genyen ★ (etwal) avèk wouj. Pentire espas ki genyen ● avèk vèt. Ki mo ou wè ?
Kole ankadreman w' lan nan yon papye bristòl, epi koke li nan chanm ou an.



Kisa w' kapab fè lè w' bezwen kouraj pou w' obeyi Bondye?



Sonje!



Konte wòch yo.
Konbyen ki genyen?
Kisa ___ wòch
izrayelit yo fè w'
sonje?


Kòman Bondye ede w'?

Double





ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe imaj sèn rivyè a.
2. Double imaj yo pou ke yo kapab rete kanpe.
3. Double sèn rivyè a pou l' ka rete kanpe.
Double A ale devan epi B ale anwo.
4. Fè prèt yo mache andedan rivyè a.
5. Double B ale anba pou montre kòman ke Bondye te fè rivyè a sispann koule. Fè izrayelit yo pran mache dèyè prèt yo pou soti nan danje a.




Bwwwwoum!



Double



Koupe



Double



Koupe

ENSTRIKSYON YO:

- 1. Koupe miray yo. Relye miray yo atravè pwent yo. Double yo yon fason pou yo kapab kanpe.**
- 2. Koupe epi double imaj yo pou yo kapab rete kanpe.**
- 3. Fè imaj yo mache nan alantou miray yo 7 fwa. Apre sa, rele epi fè miray yo tonbe. Rete gade jan miray la ap tonbe!**
- 4. Sonje ke Bondye kapab fè bagay ki enposib lè nou mete konfyans nou nan Li.**

Pwomès ki akonpli a

Li istwa a avèk antrenè a oubyen yon zanmi.



Jozye

Kalèb

tè

izrayelit yo



avèk



yo te ale nan



ke Bondye te

pwomèt yo a.



t'al wè



te de: “Sonje pwomès Bondye a”.

“Bondye te pwomèt ke li t'ap ban mwen yon

pòsyon



”.



di, “Pran



a.



te pran



a. Bondye te akonpli pwomès ke

li te fè




. Bondye toujou akonpli pwomès li yo.

VIRE EPI VIRE

Kole woul la nan yon sèk an papye bristòl ki gen menm gwosè, pou li kapab vin pi pwès. Itilize yon konpa pou papye ak yon kwòk papye ki genyen de pat pou fè li vire nan sèk la.

- Vire sèk la.
- Li mo ki soti a.
- Jwenn mo a nan liy ki anba a pou w' ekri li.
- Si li ekri, pentire li, si non ekri li ou menm.
- Kisa Bondye fè?




_____ **akonpli**

_____ **li yo pou**

moun sa yo ki _____

_____ **nan Li epi** _____ **Li.**




Koupe

Tablo
afich pou
kole imaj

Double


Koupe

Koupe



Koupe

Koupe



Koupe


1. Kiles moun ki pat byen akeyi Jozye ?
2. Kiles moun ki te vie pou dife te desann soti nan syèl la?
3. Kiles moun ki te di Jan ak Jak pou yo te demontrè lanmou yo?
4. Ouvè kat sa epi dekouvri li?!

**“Moun ki asepte kòmandman m’
yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki
renmen mwen.”** (Jan 14:21)

ENSTRIKSYON YO

1. Koupe sou liy pwentiye a pou w’ separe sèn avèk imaj la.
2. Koupe imaj la.
3. Koupe sou liy pwentiye yo epi double sèn nan.
4. Kole imaj la nan tablo a.
5. Fèmen kat la. Li kesyon yo. Ouvè kat la pou w’ wè repons yo. Jwe jwèt kesyon sa yo lakay ou avèk fanmi w’.

Yon kado lanmou






ENSTRIKSYON YO:

1. Vire paj la.
2. Desine yon fason kote ke w' kapab demontre lanmou w' pou Bondye.
3. Retounen nan paj sa. Rakonte kijan vèw la te demontre lanmou li pou Bondye.
4. Koupe devinèt ou yo. Apre sa, eseye monte li.

Disip Jezi yo bay paske yo renmen.

Mwen demontre lanmou mwen pou Bondye.


Dekorasyon: "Mete Bondye nan premye plas"



Kilès moun ki pat mete Bondye nan premye plas?

ENSTRIKSYON YO

1. Kilès moun ki pat mete Bondye nan premye plas? Relye pwent yo pou w' dekouvri li.
2. Vire paj la. Koupe sèk la ak kat ti bann yo.
3. Desine tèt ou andedan sèk la oswa yon bagay ki idantifye w'.
4. Kole kat ti bann yo nan pati ki anba sèk la.
5. Deside mete Bondye nan premye plas!



Koupe



Koupe



Koupe



Koupe



Koupe



ENSTRIKSYON YO: 1. Koupe de feyè yo. 2. Double chak feyè.
3. Koupe 3 seksyon chak feyè yo. 4. Swiv enstriksyon chak feyè yo.

W'ap chwazi. Leve chak tablo. Deside sa ki te pase an premye nan istwa bibliik la.

dmèt Ke w' te peche (ou te fè bagay ki mai; ou te dezobeyi Bondye). Di Bondye ke w' repanti.

wè Nan Bondye paske li renmen w' epi te voye Pitit li Jezi pou vin sove w' anba peche w' yo. Priye epi mande Bondye padon.

onfese Jezi kòm Sovè. Rakonte yon moun sa Bondye fè pou ou.

Ou kapab deside swiv Jezi!


Bondye bay lavi etènèl pou tout moun ki kwè nan Jezi ak aksepte l tankou Sovè yo.

1. Ekri lèt la pou w' konplete chak mo.
2. Deside swiv Jezi.
3. Pale avèk yon granmoun sou sa.

W'ap bezwen:

Yon pla an plastik oubyen an papye ke antrenè a pral ba ou.

Koupe



Koupe



Manch


1

Koupe



2

Koupe



Manch

3

Koupe

ENSTRIKSYON POU ANTRENE YO:

1. Prepare yon plat an katon ki byen gwo pou chak timoun. Gade dyagram nan pou w' wè kòman pou w' koupe li. Trase yon rektang ki mezire 10 x 13.75 cm. nan mitan plat la. Koupe de ouvèti ki mezire 10 cm. jan dyagram nan endike l' la.
2. Koupe de liy nan plat la jan sa ye nan dyagram nan, pandan w'ap kite omwens ½ cm. ant sa yo avèk espas koupe ki genyen 10 cm. Apre sa, double plim je a pou w' kapab kanpe li.

Manch


Manch

ENSTRIKSYON POU TIMOUN YO:

1. Koupe de lèz papye yo.
2. Kole de lèz yo ansanm pou w' reyalize yon lèz ki long.
3. Vire ti bann nan. Fè 1, 2 oubyen 3 desen plas kote ke w' kapab rakonte bon nouvèl yo osijè de Jezi.
4. Mande antrenè w' la pou l' ba w' yon pla. Travèse


- bann nan atravè ouvèti plat la pou w' wè desen yo.
5. Kòmanse sèn bibliik nimewo 1 an. Rale manch lan pou w' wè epi rakonte istwa a.
6. Wete lèz papye a epi vire li pou w' wè desen w' yo. Gade desen yo epi priye pou moun ou vle pale de Jezi yo.

Bon nouvèl pou yon women!



ENSTRIKSYON YO:

1. Vire paj la epi li mesaj espesyal la. Kiyès ki kapab bay mesaj Jezi a?
2. Vire paj sa a epi koupe chak 16 moso.
3. Koulye a, mete moso yo nan lòd ki kòrèk la epi aprè sa a, kole yo sou yon moso papye.
4. Kilès moun Pyè te pale de Jezi? Kilès moun sa yo ke Pyè te di ke Bondye aksepte (renmen)?




Bon nouvèl
la sou Jezi
se pou tout
moun.

ANTRENÈ: Koupe yon lèz papyè ki mezire 10 cm.x 22.5 cm papyè bristòl pou chak timoun. Montre timoun yo kijan pou yo fè yon rebò frany pou drapo a. Gade dyagram nan. Chèche yon ti bwa ki mezire 45 cm pou chak timoun.

Misyonè yo anseye nouvo

kretyen yo

kòman yo kapab viv pou Bondye.



Eske w' kapab site yon antrenè misyonè nan Bib la?

Kole frany yo la.

ENSTRIKSYON YO:

1. Fè soup lèt yo avèk aktivite a dèyè a.
2. Retounen nan paj sa. Koupe drapo a.
3. Pentire imaj la. Kisa antrenè misyonè a ap fè la ?
4. Koupe yon bann frany papyè bristòl. Kole li nan pati ki anba drapo a.
5. Kole bò goch drapo a nan yon ti bwa.
6. Reponn kesyon ki sou drapo a. Te genyen de antrenè misyonè nan istwa nou an jodi a?
7. Eske w rekonèt yon antrenè misyonè?

Frany



Ale epî rakonte yo!

Jwenn 9 mo yo nan lis la nan soup lèt yo epi antoure yo avèk yon won.


A N T Y Ò C H T T O E F
F Y Ò K X E A C O P A M
P D R Ò A W W U K I E I
E V X X K B A N A B A S
K R E T Y E N Y O N F Y
O P S Y O B È S R A J O
X G P P S W W G Q N X N
A N T R E N È K S S L È
Z K J I X S W P H E D Y
C L Ò Y G F S Ò E Y M O
M P J E Z I O L V E I L

MO YO:

- Antyòch
- Pòl
- Banabas
- Kretyen yo
- Misyonè yo
- Anseye
- Antrenè
- Priye
- Jezi

Li fraz sa yo. Souliye mo yo ki parèt nan lis ki nan soup lèt yo.

1. Pòl ak Banabas te misyonè epi antrenè.
 - a. Nou kapab priye pou misyonè yo k'ap anseye moun sou Jezi.
 - b. Nou kapab vin antrenè lè nou pale ak lòt yo sou Jezi.
2. Pòl ak Banabas te pale de Jezi nan Antyòch.
 - a. Disip Jezi yo te pote non kretyen pou premye fwa nan peyi Antyòch.
 - b. Kretyen yo se moun ki kwè epi swiv Jezi.



1

2

1. Kreyen nan peyi Antyòch yo priye epi _____

2. Pòl ak Banabas te priye epi _____

ENSTRIKSYON YO:

1. Pentire desen an. Jwenn mo ki kache a. Ekri mo a nan fraz la. Li fraz la.
2. Pentire desen an. Jwenn mo ki kache a. Ekri mo a nan fraz la. Li fraz la.

Mistè misyon yo!

Ranpli espas vid yo ak mo yo pou w konnen kijan pou w ede misyonè yo.

Gade nan fraz anba a epi chwazi ki mo ki ta dwe plase nan espas vid yo.

Après sa a, ranpli espas vid yo ak lèt ki kòrèk la pa mo ki bon an.

Gade ki sa ou kapab fè pou w ede misyonè yo.

BWAT MO YO:

- PRIYE
- RAKONTE YO
- RENMEN
- LI
- BAY
- MANDE LI

1. _____ ak moun yo osijè de lanmou



Bondye.

2. _____ osijè de travay misyonè yo.



3. _____ chak jou pou lòt yo.



4. _____ pou w' ede lòt yo.



5. _____ tout moun.



_____ Bondye pou l' gide ou.



Vejetal




Abèl



Kayen

Koupe 4 maryonèt yo.



Mouton

Maryonèt an papye

ANTRENÈ:
W'ap bezwen 4 ti
baton oubyen palèt
krèm pou chak
timoun.



ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe 4 maryonèt yo.
2. Mete lakòl nan pati ki dèyè imaj yo.
3. Mete yon ti baton an bwa nan mitan ak dèyè chak maryonèt. Kite 5 cm. nan ti baton an anba maryonèt la ki pou kapab sipòte li.
4. Double chak maryonèt. Peze li pou l' kapab kole byen.
5. Itilize maryonèt yo pou w' rakonte istwa bibliik la.

Obeyi
siyifi fè sa
Bondye vle
pou nou fè.


Deside obeyi



Koupe 4 devinèt yo (wè bò ki dèyè a).
Koupe pyès yo epi apre sa eseye monte yo.
Reponn kesyon sa yo:


- ◆ Kòman Noye te deside **obeyi** Bondye?
- ◆ Kòman w' kapab **obeyi** nan lekòl la?
- ◆ Kòman w' kapab **obeyi** lakay ou?

Panse ak yon bagay ou kapab fè pou w' **obeyi** Bondye semèn sa.







Mwen
kapab
chwazi **obeyi**
Bondye.



Mwen
kapab
chwazi **obeyi**
Bondye.



Mwen
kapab
chwazi **obeyi**
Bondye.




Mwen
kapab
chwazi **obeyi**
Bondye.

Mete chak devinèt yo
nan yon sachè pou w'
pote lakay.



Bondye sove Noye!


Koupe liy pwen ble yo epi double sou liy gri yo pou imaj yo kapab kanpe.



*"Se Seyè, Bondye nou an, ki gen mizèrikòd epi konn padone."
(Danyèl 9:9)*

Double sou dèyè epi kole nan yon kwen andedan bwat sapat yo.

Double sou dèyè epi kole nan yon kwen andedan bwat sapat yo.



Bondye te fè
Noye ak tout
moun yon
pwomès. Eske
w' konnen ki
pwomès li ye?

Yon lakansyèl avèk pwomès

Bondye akonpli pwomès li yo!

“Mwen mete lakansyèl mwen nan nyaj yo,
se li menm ki pral siyal alyans mwen avèk latè.”

(Jenèz 9:13)

Kole bò sa anba A pou fòme yon silend lakansyèl.



ENSTRIKSYON YO POU ANTRENÈ A:

1. Mande timoun yo pou yo pentire lakansyèl la oubyen pase ti klere ladan li oubyen plizyè moso twal pou yo dekore li. Apre ke yo fin koupe li, se pou yo koupe epi double li tankou yon silend.
2. Fè twou nan chak pwent ki make yo. Pase yon moso fil len len ki mezire 75 cm. Nan twou a.
3. Bay timoun yo 4 riban ki genyen plizyè koulv diferan pou yo kole nan pati anba silend lan.
4. Pèmèt ke chak timoun yo kapab pote travay pa yo a lakay yo pou koke nan chanm yo. Di yo konsa: Konsève lakansyèl sa nan chanm nou pou nou kapab sonje ke Bondye toujou akonpli pwomès li yo. Nou kapab konfyè nan Bondye paske l'ap toujou pran swen nou.

Rit


a

Double

1 1. Koupe, epi double. Kole pwent yo ansanm. Pase yon fil ki mezire 30 cm atravè doub la sou anwo ki pou kapab koke mobil la. Mare yon moso fil ki mezire 20 cm pandan w'ap pase li atravè twou a (a).

2. Koupe. Travèse fil la soti nan (a) pou pase nan twou (b) epi mare li. Mare yon moso fil ki mezire 20 cm pandan w'ap pase li atravè twou (c).

2



4. Koupe, (4)p entiere desen an. Travèse fil la nan (e) pa (f) epi mare li. Mare yon moso fil ki mezire 20 cm. pandan w'ap pase li atravè twou (g).



4

5 5. Koupe, (5) pentire desen an. Travèse fil la nan (g) pa (h) epi mare lila lana de (g) por (h) y'atalo.



3. Koupe, pentire desen an. Travèse fil la nan (c) pa (d) epi mare li. Mare yon moso fil ki mezire 20 cm. pandan w'ap pase li atravè twou (e).

3



Koupe

Koupe

Koupe

ENSTRIKSYON YO:

1. Swiv enstriksyon yo ki nan paj anlè a pou w' koupe, fè twou ak monte mobil la.
2. Li mo yo "Mwen kapab rete fidèl ak Bondye". Kisa sa vle di rete fidèl? Èske Rit te yon fanm fidèl? Kòman w' kapab vin fidèl ou menm?

Mwen


Nou kapab mete konfyans nou nan yon moun ki fidèl. Bondye fidèl. Bondye ap atann pou pèp li a fidèl avèk li e ak lòt moun tou.

***fidèl ak
Bondye***

***kapab
rete***

Bòz marye avèk Rit

Koupe 



BÒZ
sove
Rit



Koupe 

ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe epi double kat la. Double ti bebe Obèd sou andedan kat la pou li parèt lè li ouvè.
2. Li fas kat la.
3. Ouvè kat la. Kilès ti bebe Obèd te ye?
4. Gade pati ki dèyè kat la. Priye epi siyen non w'. Pwomèt Bondye k'ap ou pral obeyi li.



**Chè Bondye,
Tanpri, ede mwen pou m'
rete fidèl.
Edè m' pou m' ede lòt yo.
Avèk lanmou,**



**Bòz te fidèl. Bòz te obeyi
Bondye. Bondye te itilize
Bòz pou pran swen Rit
ak Nawomi. Bòz te fè
anpil bagay ki bon.**



Non ou



Àn te priye



Double sou devan

Bondye te reponn



Double sou dèyè



Àn te bay



ENSTRIKSYON YO: Koupe imaj yo ki nan lily ki pou koupe a #3 (Skpk 3). Kole yo nan fèy sa. Double desen sa. Double 1 sou devan. Double 2 sou dèyè. Ouvè chak sèn. Obsève kòman Àn te fidèl. Ou menm tou, ou kapab vin fidèl.



Mwen
kapab
priye.




Mwen kontye
m' nan Bondye.

An te fe yon sakrifis. Samyèl te enpòtan pou
An epi li te remèt Bondye li. Ou menm tou,
ou kapab bay Bondye bagay ki enpòtan.

Pou pòt ou a

Lè nou koute Bondye fidèlman,
sa ede nou konnen sa ke
Li vle pou nou fè.



Koupe pòt sa pou w' kòke li nan pòt channm ou anm.


ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe kwòk la pou pòt ou a. Pentire toude bò yo.
2. Rakonte istwa biblik Samyèl la.
3. Koke li nan pòt chanm ou an.
4. Plase li sou bò ki di ke w'ap "koutè Bondye" nan moman ke w' vle tou sèl yo pou w' pale ak Bondye.



**Mwen pral
koutè Bondye.
Tanpri, kite m' pale
avèk Bondye kounye a.**

Bondye bay



“Se

ki tout

Moyiz



pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou

yon gran travay



lè nou anba tray.”
(Sòm 46:1)

Bondye

ede

nou

fé



sa ke

li vle

pou nou

fé.

Sove nan lanm wouj la



Kole lakòl la ist la.

Kole lakòl la ist la.

Koupe sou liy ki tirè yo. — — —
Double sou liy yo pwenitye an.

Kole lakòl la ist la.

Koupe sou liy ki tirè yo. — — —
Double sou liy yo pwenitye an.

“Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray.” (Sòm 46:1)

Yon istwa pou konplete

Plase mo ki nan kare yo nan plas ki kòrèk yo.
Aprè sa, li istwa w' la.


Manwèl te _____. Mari te tris.
Manman an te malad.



Papa a te di: " _____ gen
pouvwa pou ede manman". Manwèl,
Mari ak papa te _____ pou manman.

MO YO
pouvwa
te priye
tris
Bondye
geri

Yo te di: "Tanpri Bondye, ede manman
_____."
Manman an pat geri tou swit.
Manwèl, Mari ak papa a te kontinye
priye. Yon jou papa a te pote bon
nouvlè: "Manman te miyò, l'ap geri
trè byento".



Manwèl te di konsa: "Mwen kontan
ke Bondye gen _____ pou ede
nou". Manwèl, Mari avèk Pè a te di:
"Mèsi, Seyè!"

Bondye fè pwovizyon pou mwene

Koupe sou liy ki trè yo. — —
Double sou liy yo pwenfye an. . . .

Ki lòt bagay anplis ke Bondye ban nou?

Desine plizyè lòt bagay ke Bondye ba ou.


M _____

Bondye pou

bagay ke li

b _____

n _____ **yo.**



ENSTRIKSYON YO:


- 1. Koupe kontou kay la.**
- 2. Koupe fenèt yo avèk pòt la sou liy ble yo.**
- 3. Double kay la sou liy gri a.**
- 4. Plase lakòl la nan bò dwat paj sa. Peze de pati kay la pou yo kapab rete ansanm.**
- 5. Leve fenèt yo epi ouvè pòt la pou w' wè sa ke Bondye ba ou.**
- 6. Desine lòt bagay ke Bondye ba ou yo dèyè kay la.**
- 7. Konplete fraz la avèk mo ki kòresponn yo.**

Nou kapab konfye

Obsève enstriksyon yo ki dèyè paj sa.

W'ap bezwen:

- Yon pla an papyè koulè
- Fil fè ki fen



Mwen kapab konfye m' nan
_____ toutan lè mwen
bezwen èd.


ENSTRIKSYON YO:

1. Koupe devinèt yo ak mesaj la. Nan kilès ou kapab konfye w' ki pou ede w'? Kole mesaj la nan pati koulè pla a.
2. Koupe dis pyès devinèt yo. Monte devinèt yo epi kole li nan lòt bò pla a.
3. Si w' vle, koupe frany nan bò pla a. Itilize yon kreyon pou w' anwoule frany yo.
4. Fè de twou nan pati anlè pla a. Pase yon fil fè tou fen oubyen yon fil atravè twou yo, jan sa ye nan imaj la.
5. Koke ankadreman sa nan chanm ou an. Sonje ke Estè te priye pou mande sekou Bondye. Ou menm tou ou kapab mande sekou Bondye lè w'ap travèse moman difisil yo.




Ede Estè

Larenn Estè te mande pou li te genyen yon




te di ke: "Mwen an danje".




Estè te siyale

Estè te di: "Aman vle touye m' ak tout pèp mwen an".




di konsa : "Touye Aman".



estè a te jwenn sekirite.

Tout moun ki te nan lavil



la yo te fè yon

gwo fèt.

ENSTRIKSYON YO:


1. Koupe 6 lèt ki nan paj seksyon ki pou koupe nimewo 1 (Skpk 1). Kole yo nan lòd nan tit la. Ki moun ki te ede Estè?
2. Koupe 6 desen avèk mo yo. Kole desen yo nan istwa a nan lòd ki kòrèk la. Li istwa bibliik la.




Gwo pouvwa Bondye a!

Itilize mo ki nan kare yo pou w' konplete fraz yo.

1.  travay
atravè Estè pou sove pèp li a.

2. 

Bondye a kapab travay atravè mwen
menm.

3. Mwen kapab 
m' nan pouvwa Bondye a tout tan nenpòt
kote.

Mo Yo



pouvwa
Bondye
confye

Mari ak Jozèf la

Kado



“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an.”
(Jan 3:16)

Double epi kole



Double epi kole

Double epi kole



Double epi kole

Sovè

Yon sovè libere moun yo de yon bagay ki mal. Jezi se Sovè nou. Li te vini nan mond lan pou montre nou lanmou Bondye. Li te mouri pou libere nou anba peche nou yo.



ENSTRIKSYON YO:

1. Konplete mo dèyè etikèt la.
2. Koupe kib la ak la sou liy ble yo.
3. Double li sou liy gri yo.
4. Kole frany yo pou w’ monte kib la.
5. Konsève kat la andedan kib la.
6. Fè yon bag ak bann adezif. Plase li nan pati ki anba kouvèti kib la. Bouche kib la.
7. Itilize kib la avèk kat la pou w’ montre li lòt yo kado ke Jozèf ak Mari te fè Bondye a.

**Bondye
Se te
obeyi**



Oumenn tou,
ou kapab bay
**Bondye kado
obeyisans lan.**



Pou: Bondye
Soti nan:
Jose ak Mari

Plase bag ki an
adezif la isit la



S _ _ _ _

O _ _ _ _

M _ _ _ _

J _ _ _ _

BEBE

J _ _ _ _



Z _ _ _ _

Yo te fè pati
plan Bondye a
pou resewa
Sovè a.




Mari ak Jozèf te
obeyi Bondye.



Mo Yo

sovè
obeyi
Mari
Jozèf
Jezi
zanj

Monte sèn Nowèl la. Itilize paj sa ak seksyon ki pou koupe yo. Rakonte kòman Jezi te fèt.




“Men ki jan Bondye fè nou wè Jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou li te ka ban nou lavi.” (1 Jan 4:9)

ENSTRIKSYON YO: 1. Koupe krèch la sou liy ble yo. 2. Double krèch la sou liy gri yo. 3. Koupe zetwal la. 4. Koupe plas ki sou liy gri yo. 5. Plase zetwal la nan plas la. 6. Itilize krèch la avèk imaj yo ki nan Seksyon ki pou Koupe a # 4 (Skpk 4).



“**P**aske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an.”

(Jan 3:16)



Jezi se Sovè nou

Jezi te vini nan mond lan tankou yon bebe. Jezi te grandi. Li te ede moun yo konnen lanmou Bondye a. Apre sa, Jezi te mouri sou kwa a. Li te fè tout sa pou nou te kapab padone pou move aksyon nou yo. Se konsa ke Jezi kapab vin Sovè w’.

Admèt ke w’ fè peche. (Di Bondye ke ou te dezobeyi li epi ou te fè bagay ki mal). (Women 3:23; 1 Jan 1:9)

Kwè ke Bondye renmen w’. Li te voye Ptit li, Jezi, pou l’ te vin Sovè w’. Mande Bondye pou l’ padone w’. Resewa padon li. (Jan 3:16; Travay 16:31)

Konfese Jezi kòm Sovè w’. Renmen Bondye. Swiv Jezi. (Jan 1 :12; Women 10:13)

Prye

Chè Bondye, mwen konnen ke mwen te dezobeyi w’. Mwen mande w’ padon. Mwen vle chanje. Mèsì dèske w’ te voye Jezi pou vini kòm Sovè mwen. Tanpri, padone mwen.

Kounye a mwen kwè ke Jezi se Sovè mwen.

Ede m’ obeyi ou.
Mèsì Seyè.



Ajoute zanj
lan nan
mitan espas
ki anle a.



Double



Double



Koupe

Koupe


Kado gadò mouton yo

Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t'ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo. Lè sa a, yon zanj Bondye parèt devan yo, bèl limyè Bondye a klere tout kote yo te ye a. Yo te pè anpil.

Men zanj lan di yo konsa: “Pa pè.”

“N’ap anonse nou yon bon nouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil. Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a. Men remake ki va fè nou rekonèt li: n’a jwenn yon tibebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.” Menm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin jwenn zanj lan; yo t’ap fè lwanj Bondye, yo t’ap di konsa: “Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la.” Apre sa, zanj yo kite gadò mouton yo, yo tounen al nan syèl la. Lè sa a, gadò mouton yo yonn di lòt: Ann al jouk Betleyèm, ann al wè sa ki rive, sa Bondye fè nou konnen an. Yo prese ale, yo jwenn Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la kouche kote yo bay bèt yo manje a. Lè yo wè l’, yo tanmen rakonte sa zanj lan te di yo sou pitit la. Tout moun ki t’ap koute yo te sezi tandè sa yo t’ap rakonte a.


“Paske, Bondye sitelman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an.” (Jan 3:16)




Dekore yon pyebwa Nowèl



Dí
Ede
Priye
Obeyí





ENSTRIKSYON YO:


1. Koupe yon pyebwa Nowèl an yon papye bristòl vèt ki mezire 30 x 45 cm.
2. Kole pyebwa a nan yon papye bristòl ki gen lòt koulè epi ki genyen menm gwosè a.
3. Koupe dekorasyon yo.
4. Kole yo nan pyebwa nan lòd pou w' kapab rakonte istwa a.
5. Kole zetwal la nan pati ki anlè a.
6. Koupe kado yo avèk mo yo.
7. Kole chak mo nan kado ki kòresponn nan.
8. Kole kado yo nan pati ki anba pyebwa yo.
9. Ajoute plizyè lòt bagay nan pyebwa a, si w' vle.
10. Montre fanmi w' yo travay ki fini an. Pale sou lòt fòm ke ou menm avèk fanmi w' yo kapab louwe Jezi.

Sovè se yon **mo enpòtan**. Yon **sovè** libere moun yo de yon bagay ki mal. Jezi se **Sovè**. Li te vini nan mond lan pou montre nou lanmou Bondye. Li te mouri pou libere nou anba peche nou yo.

Louwe se lòt **mo enpòtan**. **Louwe** se di ak montre Bondye ke nou renmen li plis pase tout moun ak nenpòt lòt bagay.


Kòman save nan peyi oryan yo te **louwe** Jezi, **Sovè** a?

Seksyon ki pou koupe 1 (Skpk 1)




Koupe figi 5 nan Pyè ak Jezi a pou leson 8.

Koupe 6 lèt yo "Bondye" pou leson 47.



Tèks biblik Inite 3.



Tèks biblik Inite 2.



Tèks biblik Inite 4.





Tèks biblik Inite 6.



Tèks biblik Inite 8.






Seksyon ki pou koupe 2 (Skpk 2)



(Skpk 2 A & B) Koupe imaj nan kriye fanm ak moun fache, pou leson 13.



(Skpk 2 D ak E) Koupe kòmandman yo pou Leson 16.



(Skpk 2 F) Koupe ze 6 yo ak tèks la pou memorize IV a Inite; Leson 13, 14 ak 15.



Seksyon ki pou koupe 3 (Skpk 3)



Tèks biblik
Inite 1.

“Jezi t’ap devlope,
li te vin gen plis
lespri toujou, li t’ap
aji yon jan ki te fè
ni Bondye ni lèzòm
plezi.” (Lik 2:52)



Tèks biblik
Inite 7.

“Moun
ki asepte
komandan m’ yo,
ki obeyi yo, se moun
sa a ki renmen
mwèn.”





Jan
14:21

ENSTRIKSYON YO: Koupe bokal dous yo. Kole bokal la nan yon papye bristòl ki pi gwo. Ekri non w’ nan papye bristòl la. Ajoute chak dous ak vèsè inite ke w’ aprann nan. Se pa tout dous yo k’ap antre nan bokal la, men ou kapab pran li akote bokal la.

NÒT: Antrenè, pèmèt ke timoun yo koupe imaj pa yo a pou chak aktivite.

Itilize aktivite
dous sa a pou
tout inite yo sof
Inite IV, kote yo
pral itilize ze
pak yo.

Koupe ✂




Koupe ✂



Koupe figi
sa yo pou
leson 41.



Koupe ✂




Koupe ✂







Seksyon ki pou koupe 4 (Skpk 4)

Kouti Nowèl yo







Itilize nan leson 49.
Koupe figi yo pou aktivite
yo nan leson 49.





Seksyon ki pou koupe 5

(Skpk 5)



Itilize nan leson 50. Koupe imaj yo pou aktivite yo nan leson 50.




Seksyon ki pou koupe 6 (SR6)

Tèks biblik
Inite 5.



Tèks biblik
Inite 9.




Tèks biblik
Inite 10.



Tèks biblik
Inite 11.



Tèks biblik
Inite 12.





DÈBUTAN

Ou genyen yon liv ki vrèman espesyal nan men ou, ladan li w ap kapab aprann plizyè aktivite pandan tout yon ane.

L ap ede w konprann verite ki nan Pawòl Bondye a.

Nan yon fòm ki pratik ak enteresan, ou pral aprann sou pèsonaj ki byen enteresan tankou Noye, Geyazi, Kayen avèk Abèl, Rit, Àn ak sa ki plis enpòtan pase tout lòt yo ki se Jezi.

Jwi nouvo liv ou a. Aktivite yo, desen ak mesaj yo ap gide w pou w kapab konprann ke Bondye renmen w epi ou espesyal pou Li.

Swiv enstriksyon antrenè w la epi piga w pèdi okenn klas pandan tout ane a.

Jwi liv ou a!